

27 jen

Antrene tèt nou nan devosyon pou Bondye.

1 Timote 4. 7

**Frè mwen yo, se pou nou nan lajwa, se pou nou re-
pare tèt nou, se pou nou ankouraje tèt nou, se pou
nou gen menm santiman, se pou nou viv nan lapè,
epi, Bondye ki gen lanmou ak lapè va avèk nou.**

2 Korentyen 13. 11

Antrene nou nan devosyon pou Bondye

Pou nou kenbe epi amelyore fòm fizik nou, sa mande anpil travay ak pèsèverans. Fòk ou bay tèt ou yon pwogram pou fè egzèsis, yon rejim estrik, elatriye. Yon bon sante esprityèl mande tou kèk jefò. Apot Pòl sèvi ak vokabilè at-lèt yo, lè li pale de “antrene nou nan devosyon”. Devosyon, se viv kole kole ak Bondye epi respekte volonte l. Egzèsis sa a, se sous lajwa paske li fè nou konnen Jezi pi byen, nonm ki te gen devosyon san manke anyen an. Pèfeksyon lavi obeyisans li a te makònen ak yon lanmou estab pou Papa li. Vrè motif ki anime devosyon yo la, nou ka viv yo, lè nou imite Jezi Kris nan lavi li pou Bondye ak konpasyon li pou lèzòm. Men egzèsis nou yo ki byen trase.

Antrene nan devosyon mande tou bonjan disiplin nan lavi. Kòman nou ka jwenn tan pou nou etidye Bib la jounen jodi, pou m pran sa li aprann mwen pou pwòp tèt mwen, pou fanmi m, pou tout sa yo m rankontre a? Kòman m ka fè jwenn tan pou m lapriyè?

Finalman, nou kapab pratike devosyon nan yon “bann bagay”, nan lavi ak nan konba chak jou kretyen an. Pou nou kapab efikas, fòk nou te prepare nou dabò. Kisa nou ka panse de yon menwizye ki bliye file zouti li? Kretyen an ki kwè, sa pa twò enpòtan pou li ka fòtifye nanm li ak lapriyè, lekti pawòl Bondye ak nan kominyon ak Senyè a, bliye sa ki esansyèl la. Enstriman lavi esprityèl nou yo ap defile byen vit. Se sa k nou dwe file yo chak jou.

27

juin

Exerce-toi toi-même à la piété. 1 Timothée 4. 7

Frères, réjouissez-vous, perfectionnez-vous, soyez encouragés, ayez un même sentiment, vivez en paix : et le Dieu d'amour et de paix sera avec vous.

2 Corinthiens 13. 11

S'exercer à la piété

Maintenir et améliorer sa forme physique exige travail et persévérance. Il faut s'imposer un programme d'exercices, un régime strict, etc. Une bonne santé spirituelle demande aussi des efforts. L'apôtre Paul reprend le vocabulaire des athlètes et parle de "s'exercer à la piété". La piété, c'est vivre dans l'attachement à Dieu et le respect de sa volonté. Cet exercice est source de joie parce qu'il nous fait mieux connaître Jésus, l'homme pieux par excellence. La perfection de sa vie d'obéissance était liée à un amour constant pour son Père. Les vrais motifs qui animent la piété sont là, vécus en imitant Jésus Christ dans sa vie pour Dieu et sa compassion pour les hommes. Voilà nos exercices tout tracés.

S'exercer à la piété suppose aussi une certaine discipline de vie. Comment trouver du temps aujourd'hui pour étudier la Bible, en retirer ce qu'elle m'enseigne pour moi-même, pour ma famille, pour tous ceux que je rencontre ? Comment trouver du temps pour prier ?

Enfin, la pratique de la piété se fait "sur le tas", dans la vie et les combats journaliers du chrétien. Pour être efficace, il faut au préalable s'y préparer. Que penserions-nous d'un menuisier qui négligerait d'affûter ses outils ? Le croyant qui estime peu important de fortifier sa vie intérieure par la prière, la lecture de la Parole de Dieu et la communion avec le Seigneur, oublie l'essentiel. Les instruments de notre vie spirituelle s'émeussent rapidement. C'est pourquoi il faut les aiguiser chaque jour.